

Ki etap pou resevwa konpansasyon nan Biwo Sèvis pou Viktim (OVS)?

- Ranpli fòm aplikasyon OVS
- Satisfè kondisyon pou kalifye
- Fè yon pèt avèk lajan nan pòch ou ki ka konpanse, oswa fè youn nan lòt lè



Kimoun ki ka kalifye pou konpansasyon?

- Moun ki viktim nan **dwe** se yon viktim inosan nan krim nan
- Moun ki viktim krim kite pran chòk fizi akòz krim nan
- Moun ki viktim kri ki poko gen laj 18 tan, 60 tan ak plis, oswa ki andikape, epi ki pa t pran chòk fizik
- Sèten manm fanmi ak depandan, tankou madanm/mari, pitit, paran, frè, sè, bòfrè, bèlsè, boparan oswa moun ki siviv ki depannde viktim nan sitou pou sipò
- Moun ki te peye pou depans ki fèt pou antèmman pou yon viktim inosan nan krim nan
- Timoun ki viktim, timoun ki temwen yon krim, ak paran, boparan, granparan, responsab legal, frè, sè, bòfrè oswa bèlsè timoun nan
- Sèten moun ki viktim anprizònman ilegal oswa kidnaping
- Sèten moun ki viktim pouswit
- Sèten moun ki viktim trafik travay oswa trafik sèks
- Moun ki viktim zak teworis deyò Etazini epi ki se yon sitwayen Eta New York
- Moun ki viktim pwosè ki pa serye yon moun ki te fè yon krim kont viktim nan

Pou ki kalite depans mwen kapab resevwa konpansasyon?


OVS ofri konpansasyon ki asosye avèk: chòk pèsònèl, lanmò ak pèt byen pèsònèl enpòtan. Men kèk nan depans espesifik OVS ka garanti:

- Depans medikal ak depans pou jwenn konsèy
- Pèt oswa domaj byen pèsònèl enpòtan (*pou jiska \$500, ansanm avèk \$100 pou lajan kach*)
- Depans pou antèmman oswa pou seremoni antèmman (*jiska \$6,000 dola*)
- Salè ki pèdi oswa sipò ki pèdi ansanm avèk salè paran yo si yon timoun viktim entènè nan lopital (*jiska \$30,000 dola*)
- Sèvis transpò (prezantasyon ki nesesè nan tribinal pou pouswiv moun ki fè krim nan)
- Reyabilitasyon nan travay/pwofesyonèl
- Itilizasyonabri akòz vyolans nan kay
- Netwayaj kote ki te gen krim (*jiska \$2,500 dola*)
- Pèt byen Bon Samariten (*jiska \$5,000 dola*)
- Depans pou demenaje (*jiska \$2,500 dola*)

Kisa pou mwen fè si byen mwen te pèdi, detwi oswa domaje akòz krim nan?

Si ou poko gen laj 18 tan, 60 tan oswa plis, si ou andikape oswa si ou te pran chòk, ou ka aplike pou ranplase byen pèsònèl *enpòtan* ou *ki pèdi, domaje oswa detwi akòz rezilta dirèk yon krim* ki pa t garanti nan okenn lòt resous.

Enpòtan vle di ki nesesè pou sante ak byennèt ou, tankou linèt, lajan kach ak rad.



Kijan pou mwen aplike pou konpansasyon an?

Ou kapab jwenn yon fòm aplikasyon nan OVS dirèkteman oswa ou kapab kontakte nou pou

jwenn yon pwogram asistans lokal pou viktim ki pi pre ou. Ou ka jwenn yon aplikasyon tou nan nenpòt biwo lapolis, komisarya, oswa sal-dijans lopital.

Voye aplikasyon OVS ou ranpli a ban nou ansanm avèk **kopi**:

- Rapò lapolis
- Kat asirans
- Resi pou byen pèsònèl enpòtan yo
- Batistè viktim nan
- Sètifika lanmò ak kontra pou antèmman
- Bòdwo medikal detaye
- Lèt nenpòt konpayi asirans ki refize oswa ki otorize peman pou sèvis ki endike nan fòm sa a
- Dokiman ki pwouve laj ou (lisans chofè, batistè, elatriye)
- Papyè responsab legal



Kisa pou mwen fè si mwen pa gen kèk nan papyè OVS bezwen yo?

Voye aplikasyon ou touswit. Ou kapab voye lòt dokiman yo apre.

Ki lòt bagay mwen ta dwe fè pou mwen resevwa avantaj yo?

- Rapòte krim nan anvan yon semèn ba lapolis oswa ba lòt ajans jistis kriminèl
- Fè yon reklamasyon anvan yon ane ki vini apre krim nan
- Bay rezon pou nenpòt reta ou pran pou rapòte krim nan oswa pou fè reklamasyon an
- Kolabore avèk lapolis ak OVS

Kisa fòm otorizasyon HIPAA ye?



Fòm otorizasyon HIPAA pèmèt founisè swen sante yo diskite sou enfòmasyon sou sante ou avèk OVS. Ou dwe siyen yon fòm otorizasyon HIPAA pou CHAK founisè swen sante.

Kimoun ki kapab siyen aplikasyon an?

Se moun ki viktim nan ki dwe siyen aplikasyon an, sof si li poko gen laj 18 tan oswa si li gen andikap fizik oswa mantal pou siyen; lè sa a reprezantan legal la dwe siyen.

Ki kote mwen kapab jwenn fòm mwen bezwen yo?



Fòm yo disponib pou telechaje yo nan sitwèb OVS: www.ovs.ny.gov. Ou kapab kontakte OVS tou nan nimewo 1-800-247-8035 oswa ou kapab mande pwogram asistans pou viktim ki nan zòn ou.

Èske mwen bezwen yon avoka pou fè yon reklamasyon nan OVS?



Non. Men, si ou pran yon avoka pou ede ou nan reklamasyon sa a, OVS ka ranbouse ou jiska \$1,000 dola pou frè legal yo.

Kisa pou mwen fè si mwen bezwen konpansasyon an touswit?

Nan ka ki limite, ou ka mande yon dedomajman annijans, jiska \$2,500 dola.

Kisa pou mwen fè si mwen chanje adrès?



chanje.

Voye yon lèt ba OVS epi ban nou nouvo adrès ak nimewo telefòn ou. Epi tou fè nou konnen si imèl ou

Ki kote mwen kapab jwenn plis enfòmasyon?



Nou kapab ede ou jwenn yon pwogram asistans pou viktim ki toupre ou.

Rele nou nan nimewo: **1-800-247-8035**

Ale sou Entènèt nan sitwèb nou:

www.ovs.ny.gov

Lòt sèvis pou viktim yo:

Anpil Pwogram Asistans pou Viktim (VAP) jwenn finansman nan OVS Eta New York, epi yo toupatou nan Eta a. Pwogram sa yo kapab ede ou fè reklamasyon nan OVS. VAP yo kapab bay èd imedyat pou moun ki viktim yo, epi yo ofri lòt sèvis yo pa ofri dirèkteman nan OVS. Anpil sèvis yo kapab vin yon bon jan rekonfò ak asistans pou moun ki viktim nan krim yo. Pou jwenn yon lis VAP ki nan zòn ou, kontakte OVS dirèkteman oswa ale sou Entènèt nan sitwèb nou.

Antan yon moun ki viktim nan yon krim nan Eta New York, men sa ou ta dwe konnen:

- Ou kapab jwenn yon kopi rapò lapolis la gratis (Lwa Egzekitif Eta New York §646).
- Ou gen pwoteksyon anba lalwa pou menas oswa kraponay moun ki sispèk la oswa fanmi moun ki sispèk la. Depatman lapolis zòn ou ak DA yo kapab eksplike ou lwa sa yo.
- Ou gen yon dwa pou patisipe nan sèten etap pwosesis jistis kriminèl la. Depatman lapolis zòn ou ak DA yo kapab eksplike ou wòl ou nan pwosesis jistis kriminèl la, etap enpòtan yo nan pwosesis la, ak fason ou kapab jwenn enfòmasyon sou etap sa yo.
- Ou gen dwa pou fè yon deklarasyon nan moman y ap kondane akize a, si ou se yon viktim yon krim.
- Ou gen dwa pou yo fè ou konnen kondisyon anprizònman akize a. Ou kapab rele VINE nan nimewo 1-888-846-3469 pou bay enfòmasyon pou kontakte ou.

Pou jwenn enfòmasyon ki pi detaye sou dwa ou kòm yon moun ki viktim nan krim, tanpri ale nan piblikasyon nou ki rele "The Rights of Crime Victims in New York State" (Dwa Moun ki Viktim nan Krim nan Eta New York) sou sitwèb nou an.



YON GID POU KONPANSASYON MOUN KI VIKTIM NAN KRIM NAN ETA NEW YORK

Si ou bezwen yon aplikasyon reklamasyon, si ou bezwen èd pou fè yon reklamasyon, oswa si ou gen kesyon, ou kapab kontakte Biwo Sèvis pou Viktim nan:

Biwo prensipal
AE Smith Office Building
80 S. Swan Street, 2yèm Etaj
Albany, NY 12210
(518) 457-8727

New York City Office
55 Hanson Place, Sal 1000
Brooklyn, NY 11217
(718) 923-4325

Buffalo Office
65 Court Street, Sal 308
Buffalo, NY 14202
(716) 847-7992

1-800-247-8035

<http://www.ovs.ny.gov>